



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**12YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ CUOMO: KONBAT POVRETE & REDWI INEGALITE KAP ETANN NAN UPSTATE NEW YORK**

***\$25Milyon pou Anti-Povrete ap ankouraje patenarya Piblik-Prive pou ogmante mobilite ekonomik pou tout Nouyòkè yo***

***Nouvo Inisyativ la ap lite konte Povrete & Enplemante solisyon Kowòdone nan 10 Kominote Upstate yo***

***Kowòdone Patenarya Eta-Vil ki baze sou modèl Gwoup Travay Anti-Povrete Rochester***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale douzyèm pwopozisyon siyati ajanda 2016 li a: konbat povrete ak redwi eka nan inegalite grasa inisyativ Rediksyon Povrete Empire State. Pwogram \$25 milyon an ap pote ansanm gouvènman lokal ak eta, ak gwoup biznis non pwofi yo pou planifye epi enplemante solisyon pou ogmante mobilite sosyal nan dis kominote yo nan upstate New York.

Pwopozisyon an se dènye nan ajanda anti-povrete gouvènè a, yon plan rapid pou restore pwomès ekonoik epi elaji opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te fè anons lan maten an nan True Bethel Baptist Church nan Buffalo.

“Chak Nouyòkè merite yon bagay nan Rèv Ameriken an– e investisman entelijan sa ap fè senpleman sa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa a se yon pwoblèm konplèks, men grasa gwo patenarya nap elaji opòtinite ekonomik– apati Troy pou rive nan Elmira – epi mete tout Nouyòkè yo sou chemen pou reyisi. Map rete tann pou m travay avèk kominote sa yo pou retire obstak epi kreye chanjman enpòtan pou plizyè milyon fanmi kap travay di nan eta.”

“Avèk Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State, Gouvènè Cuomo ap pote yon modèl pwouve pou adrese povrete nan zòn yo nan eta ki bezwen l piplis, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Ansanm, nap abilite kominote yo pou idantifye bezwen rejyonal e li pral ede finanse solisyon konpreyansif kap adrese yo pou fè yon diferans enpòtan.”

Malgre yon kwasans ekonomik ak pwogrè istorik fiskal sou senkan ki sot pase yo, pòch povrete rete konsantre. Plis pase twa milyon Nouyòkè aktyèlman ap viv nan povrete, ladan yo preske yon milyon se timoun. Nan pòch sa yo, pwoblèm tankou lojman

inadekwat, nivo chomaj elve, lekòl ki pa bay pèfòmans, move kalite sante ak katye ki gen krim melanje ansanm pou ogmante pwoblèm konplike, ki egzije egalman solisyon ki entèkonekte.

Inisyativ modèl eta Rediksyon Povrete Empire State sou gwoup travay Anti-Povrete Rochester New York ki gen siksè, fè pati nan yon gwo kowalisyon gouvènman eta ak lokal, biznis ak reprezantan non-pwofi yo ap travay ansanm pou rekonsevwa ak kowòdone efò pou adrese ekstrèm povrete nan zòn Rochester.

New York kounye a ap repwodui modèl sa nan dis vil upstate ki gen piwo nivo pousantaj povrete nan eta. Daprè pwogram nan, New York ap bay \$500,000 nan planifye ak enpleman sibvansyon, ansanm avèk aksè a yon gwoup sibvansyon \$20 milyon pou mache sektè prive ak finansman fondasyon. Vil ki te chwazi pou pwogram nan te seleksyone baze sou konsantrasyon povrete nan minisipalite a. Yo gen ladan:

- Syracuse
- Binghamton
- Oneonta
- Buffalo
- Utica
- Elmira
- Jamestown
- Oswego
- Troy
- Albany

Sou lidèchip Gouvènè a, eta ap fè investisman sible nan pwojè kapital pou amelyore kalite, efikasite epi atenn sèvis kap adrese povrete, enkli fòmasyon travay, sekirite piblik, ak sante ansanm avèk pwogram nitrisyon. Anplis, ajans yo nan Eta New York ap bay sipò pou kominote ki afekte yo pou ede ranfòse disponiblite sèvis yo.

Anjeneral, pwogram ESPRI a pral:

- Idantifye objektif spesifik, mezirab pou amelyore byennèt ak kalite lavi rezidan yo;
- Pi byen aliye resous piblik ak prive avèk entèvansyon ki baze sou kominote ki gen siksè nan amelyore rezilta pou rezidan yo;
- Devlope strateji ki koresponn a pratik pwometè nan defi inik chak kominote an patikilye; e
- Devlope patenarya pami òganizasyon piblik ak prive, minisipal ak non-pwofi pou bay yon kontinwite nan solisyon yo.

Vil ki te chwazi pou pwogram nan ap byento lanse pwosesis planifikasyon an, konplete avèk yon bezwen evalyasyon plan ki egziste deja, priyorite ak objektif stratejik. Eta ap bay aksè a yon ekip angaje ofisyèl ajans eta ki pral fè patenarya avèk kominote a pou bay done, revize diferan modèl pwogram kap adrese bezwen priyorite kominote a, ede devlope pwopozisyon oswa aplikasyon pou finansman eta baze sou bezwen ak opòtinite, ak strikti ankadreman pou evalye efikasite entèvansyon yo.

ESPRI ap santre sou itilize resous ki egziste deja pi efikasman e nan bi pou mete fen nan povrete, ranfòse relasyon ant biznis, piblik k sektè non-pwofi yo nan chak kominote epi asire pi gwo kowòdinasyon ant eta ak gouvènman lokal yo pou elaji opòtinite ekonomik pou tout Nouyòkè yo.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York| Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418